

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Nagara Indonésia diwangun ku mangratus-ratus sélér bangsa anu bédabéda, boh ditilik tina dedeg-pangadeg manusana boh disawang tina budayana. Budaya nu dipibanda ku hiji sélér bangsa téh mibanda fungsi anu mandiri, sarta dina seuhseuhanana mah ngan larap dina hirup kumbuh éta sélér bangsa. Sok sanajan kitu, ku mekarna pamahaman katut kasadaran sakumna rahayat Indonésia kana perjuangan jeung rasa sanasib, enggoning ngawujudkeun nagara *kesatuan* nu dingaranan Républik Indonésia, karinékaan budaya téh dianggap kakayaan anu kacida pentingna sarta bisa dijadikeun modal pikeun ngukuhan *persatuan* jeung *kesatuan* katut jati diri bangsa Indonésia.

Kaluhungan ajén-ajén budaya daerah enggoning ngamajukeun budaya nasional, dirojong ku aturan pamaréntah nu kaunggel dina pasal 32 ayat 1 UUD 45 ieu di handap.

“Negara memajukan kebudayaan nasional Indonesia di tengah peradaban dunia dengan menjamin kebebasan masyarakat dalam memelihara dan mengembangkan nilai-nilai budayanya”.

Hal éta ogé diwewegan ku *Peraturan Menteri Dalam Negeri Nomor 39 Tahun 2007* ngeunaan “*Pedoman Fasilitasi Organisasi Kemasyarakatan Bidang Kebudayaan, Keraton, dan Lembaga Adat dalam Pelestarian dan Pengembangan Budaya Daerah*”

Seni atawa kasenian salaku unsur budaya, mangrupa média anu pangpentingna dina méré gambaran visual ngeunaan kahirupan hiji *komunitas* (masarakat). Seni bisa jadi basa nu *universal* pikeun komunikasi antar-bangsa, antar-étnis, malah antar-pribadi manusa salaku mahluk sosial, sanajan bédá-bédá kasang tukang kahirupanana. Malah salila ieu, seni salawasna disandingkeun jeung rupaning kagiatan, kaasup diplomasi-pulitik pamaréntahan jeung nagara-nagara séjén, nu dilaksanakeun ku wawakil nagara Indonésia nu aya di luar negri. Ku lantaran kitu, nilik kana jasana mah geus sawadina kasenian téh diperhatikeun, dipiara, dimumulé, sangkan hirupna mulus nanjung enggongeng ngajungjung darajat bangsa.

Patalina jeung hal di luhur, seni minangka titinggal budaya téh bisa dijadikeun sumber pikeun ngungkab sajarah atawa peristiwa hiji bangsa dina mangsa bihari, pikeun gambaran ka manusa nu hirup di jaman kiwari. Titinggal budaya téh teu mustahil bisa jadi alat komunikasi nu mundel ku *informasi* pikeun manusa anu bisa napsirkeunana. Langer (1957:30) dina Sunarto (2008:21) nétélakeun yén kadieunakeun manusa mekarkeun komunikasi dina hirup kumbuhna téh teu saukur pikeun ngawewegan pangabutuh pokona, tapi mekarkeun ogé pangabutuh anu sipatna leuwih luhur, dina wangun usaha pikeun paham kana ma'na-ma'na anu leuwih abstrak. Ma'na-ma'na abstrak diciptakeun jeung dipaké ku manusa dina wangun sistem tanda atawa simbol. Ngaliwatan sistem simbol, manusa ngawangun komunikasi lain saukur pikeun ngungkul pasualan *pragmatis* sapopoé, tapi aya ma'na lianna anu némbongkeun sistem ajén-inajén jeung sawangan hirupna. Éta hal luyu jeung pamanggih Talcott

Parsons (Walker, 1977:11 dina Sunarto, 2008:21) anu nyebutkeun yén kabudayaan téh enas-enasna mah ngagugulung perkara ma'na, nepi ka gumantung pisan kana sistem *simbolisme*. Ku kituna, sistem simbol geus jadi padoman pikeun nyumponan pangabutuh manusa (*primér*, *sékundér*, jeung *téertiér*) nepi ka sistem ajén-inajén jeung sistem simbol komunikasi téh ngawangun hubungan anu kacida dalitna dina hiji kabudayaan.

Tatar Sunda, Parahiyangan, atawa Pasundan nya éta sesebutan pikeun wewengkon nu ayeuna disebut Jawa Barat jeung Banten, mangrupa tempat hirup kumbuhna hiji sélér bangsa nu disebut *suku Sunda*. Tatar Sunda pada mikawanoh minangka salah sahiji wewengkon nu jembar budayana. Ieu hal bisa dibuktikeun ku sumebar jeungmekarna rupa-rupa kasenian di tatar Sunda nu teu bisa dipastikeun sabaraha jenis jeung jumlahna. Tapi ku lantaran loba téa, sawatara kasenian milik urang Sunda téh mindeng katolér-tolér. Teu saeutik kabudayaan (utamana seni) Sunda warisan karuhun anu teu kaburu kaungkab lantaran kaburu pareum saméméh ayana *régenerasi*.

Dina mangsa kiwari, kacatet sababaraha seni Sunda anu geus tilem jeung nu méh pareum atawa ninggang di babasan “hirup teu neut paéh teu hos”. Sawatara seni budaya Sunda nu kacatet saperti kitu téh di antarana aya *pantun*, *beluk*, *macapat*, *lais*, *tarawangsa*, *calung tarawangsa*, *jentréng*, jeung sawatara *kaulinan barudak*. Teu anéh upama kana wangun-wangun seni atawa jenis kabudayaan Sunda téh aya kénéh (urang Sunda) anu ngan apal ngaranna tapi teu kungsi amprok jeung wujudna.

Niténan kanyataan saperti kitu, teu saeutik nu manghariwangkeun kana hirup-huripna kasenian Sunda. Urang Sunda sorangan saenyana sadar, loba budaya hususna kasenian Sunda anu kalindih ku budaya deungeun. Ku lantaran kitu, rupaning tarékah perlu dipatéakeun pikeun ngungkulana, sanajan kamekaran jaman jeung campur gaulna masarakat Sunda anu beuki dieu beuki jembar (terbuka), bakal jadi cukang lantaran tumuwuhna *kanibalisme* budaya nu hésé dibendungna.

Tina sababaraha pasualan nu mindeng diwacanakeun dina gempungan-gempungan atawa sawala budaya Sunda, nu jadi cukang lantaran muguranana hiji kasenian atawa leuwih legana hiji budaya téh salahasahijina ku sabab sikep masarakat Sunda-na sorangan. Urang Sunda, utamana generasi bék dieu, loba nu mibanda anggapan éta kasenian atawa budaya téh geus teu larap jeung kamajuan jaman atawa jeung aspék-aspék kahirupan séjénna. Budaya warisan karuhun téh laun-laun ditinggalkeun, lantaran dianggap teu perlu dipaké deui.

Di sagigireun éta, perlu tarékah ti masarakat pikeun ngungkab ajén-ajén séjén atawa guna jeung mangpaatna seni budaya Sunda pikeun kahirupan urang Sunda kiwari. Kitu gé upama urang Sunda sadar, yén bangsa anu maju téh nya éta bangsa anu tetep ngamumulé jeung mikukuh budayana. Upama diibaratkeun, nagara téh minangka hiji tangkal, nu jadi akarna nya éta budaya; éta tangkal téh bakal ajeg, henteu unggut kalinduan henteu gedag kaanginan, upama akarna kuat ngaranggeum lemah.

Aya ungkara nu nétélakeun yén bangsa nu jembar téh nya éta bangsa nu ngahargaan sajarahna. Bangsa nu luhung nya éta bangsa nu rupaning kagiatan

hirupna ngakar kana budayana. Ceuk babasaan: “sagancang-gancangna nu leumpang, upama nuturkeun jalan batur mah salawasna bakal tinggaleun lengkah”. Upama kitu, geus waktuna urang Sunda nangtukeun sikep, ludeung leumpang dina jalanna sorangan, jalan nu geus ditaratas ku karuhunna, ulah hayoh baé nutur-nutur tapak deungeun.

Nurutkeun Sumardjo (2003:297) masarakat Sunda nya éta sakumpulan manusa nu ngagunakeun basa Sunda. Ngaliwatan éta basa, ajén-inajén budaya Sunda bisa diungkab. Salian ti éta, urang Sunda ogé némbongkeun ajén-inajén budayana ngaliwatan tingkah laku sapopoé, ngaliwatan barang-barang anu diciptakeunana. Basa Sunda jeung artéfak mangrupa wujud-wujud nyata *interprétasi nilai koléktif* masarakat Sunda. Ku cara ngulik, napsirkeun, jeung maham kana wujud budayana, hiji komunitas bakal nimukeun pola-pola dasar gagasan ngeunaan ajén-inajén nu dipiharep bisa diwujudkeun dina kahirupan sapopoé ku urang Sunda.

Patalina jeung hal di luhur, *karinding kawung* kaasup hiji alat (waditra) jeung wangun kasenian tittinggal karuhun (warisan budaya anu kacida heubeulna). Sanajan kiwari masih kénéh hirup tur kacida pisan dipupustina ku masyarakat Sunda di sababaraha wewengkon, tapi teu loba urang Sunda anu apal komo bari jeung bisa nyieun atawa ngagunakeunana. Salian ti éta, teu nutup kamungkinan saupama ditalungtik leuwih teleb ngagunakeun dasar paélmuan anu tangtu, bakal katimu rupaning informasi anu enas-enasna mah minangka gambaran nu hayang ditepikeun ku karuhun Sunda ka seuweu-siwina, ngaliwatan simbol-simbol anu nyangkaruk dina hiji barang (dina ieu hal: karinding kawung) atawa wangun

senina nu disebut *seni karinding*. Ngaliwatan hiji kajian nu ngagunakeun pamarekan *heuristik – hérméneutik*, bakal kaludang kandungan ajén-ajén historis, éstétis, jeung pilosofis hiji waditra salaku artéfak budaya atawa hiji kasenian tittinggal karuhun Sunda.

Dina kamekaran budaya hususna kasenian mangsa kiwari, karinding téh mémang keur mimiti neutneutan muncul deui. Malah nurutkeun informasi nu kapanggih tina média masa atawa tina *internét*, aya sababaraha grup/komunitas nu ngagunakeun ngaran “karinding” saperti “Karinding Attac (Karat)”, “Karinding Militan (Karmila)”, Komunitas Karinding (Kokar)”, jsté., sarta di sababaraha wewengkon utamana di puseur dayeuh, karinding téh keur padamigandrung utamana ku barudak sakola (rumaja). Sababaraha kagiatan pagelaran nu ngahaja diancokeun pikeun ngawanohkeun karinding ka masyarakat geus diupayakeun di sababaraha wewengkon saperti di Bandung, di Sumedang, di Tasikmalaya, di Ciamis, di Subang, di Cianjur, jeung di Garut.

Di lingkungan akademik, sanajan can pati loba, saenyana geus aya karya tulis ilmiah, pangpangna skripsi anu medar jeung ngaguar hasil panalungtikan nu patalina jeung karinding, upamana baé skripsi beunang Tia Siti Aisah nu judulna “Ajén Falsafah Sunda dina Kasenian Karinding pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya di SMA Kelas XII”, atawa skripsi beunang Dian Maulana anu judulna “Perkembangan Kesenian Karinding di Désa Sindang Pakuon Sumedang Tahun 1970 – 2004 (Suatu Tinjauan Budaya)”. Tapi tulisan-tulisan ngeunaan karinding anu geus aya, lolobana nyoko kana kamekaran seni pagelaranana sacara umum, lain husus kana waditra katut ajén-inajén nu nyangkaruk di jerona.

Di sagigireun éta, karinding nu jadi jejer dina panalungtikan saméméhna luyu jeung nu mekar dina jaman kiwari, nya éta karinding nu dijieuunna tina awi (karinding awi). Ku kituna, asa munasabah upama diayakeun panalungtikan nu husus ngeunaan karinding kawung, nu ceuk anggapan gelarna leuwih ti heula batan karinding awi.

1.2 Rumusan Masalah

Méh di unggal tempat di sakuliah Jawa Barat kungsi aya waditra atawa seni Karinding. Sakumaha nu ditétélakeun ku Atik Sopandi (1978:86) yén karinding téh sumebar di tatar Sunda, di antarana, di Baduy, Tasik, Subang, Ciamis, Sumedang, jeung Bandung.

Karinding kawung minangka hasil *kreativitas* seni karuhun Sunda geus tangtu ngandung ajén sajarah, éstética, jeung pilsafat. Dina nangtukeun bahanna, cara nyieunna, metakeunana, lain hiji hal anu sahayuna tapi pinuh tinimbangan nu asak jeung udagan nu tangtu. Aya prosés atawa peristiwa nu bakal jadi gambaran kumaha kaparigelan, kaluhungan budi, jeung kajembaran paham urang Sunda dina hiji mangsa.

Cindekna, karinding salaku alat seni tangtu mibanda ajén seni. Tapi di sagigireun éta, tina tradisi-tradisi makéna karinding ti hiji generasi ka generasi satuluyna, bakal kapanggih ajén-inajén séjénna. Salaku artéfak kabudayaan, karinding bisa dijadikeun sumber panalungtikan pikeun néangan informasi séjén patali jeung kabudayaan ti masarakat anu makéna.

Alatan kitu, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan bakal diwatesan ku mangrupa patalékan ieu di handap.

- 1) Naon atawa nu kumaha karinding kawung téh?
- 2) Di mana jeung kumaha hirup-huripna éta kasenian atawa waditra dina mangsa baheula jeung ayeuna?
- 3) Kumaha cara nyieun (ngawengku alat-bahanna) jeung mintonkeunana?
- 4) Ajén-inajén naon nu nyampak dina ieu kasenian patalina jeung kahirupan masarakat anu makéna?

1.3 Tujuan panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

- 1) Ngaguar deui salah sahiji budaya titinggal karuhun anu boh barangna boh ajén-inajénna masih kénéh bisa dipaké sarta gedé gunana pikeun kahirupan masarakat Sunda kiwari.
- 2) Pikeun ngajembaran pangaweruh ngeunaan kasenian Jawa Barat (tatar Sunda), sangkan nu haat kana kasenian teu saukur apal nataan ngaranngaran seni atawa alat seni, tapi weruh kana cara nyieunna, mintonkeunana, katut ajén-inajén anu nyangkaruk di jerona.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan dilaksanakeunana ieu panalungtikan nya éta pikeun medar hirup-huripna waditra asli urang Sunda anu ngaranna karinding kawung, ngawengku dua hal ieu di handap.

- 1) Medar perkara nyieun karinding kawung, alat-bahanna, jeung cara nyadakeun jeung mintonkeunana, jeung
- 2) Ngaludang jeung ngungkab ajén-inajén karinding kawung anu raket patalina jeung kahirupan masarakatna, hususna masarakat di wewengkon Kacamatan Cinéam, Kabupatén Tasikmalaya, umumna masarakat Sunda satatar Sunda.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Panalungtikan ngeunaan karinding kawung di kacamatan Cinéam, mangrupa panalungtikan budaya nu hasilna dipiharep aya mangpaatna boh keur kapentingan tioritis boh keur kapentingan praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Keur kapentingan tioritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa:

- 1) Ngabeungharan pangaweruh anu patali jeung kajembaran budaya Sunda, hususna kasenian karinding nu kungsi hirup di tatar Sunda;
- 2) Jadi pedaran anu *komprehensif* patali jeung pamahaman sacara hérméneutik anu jadi kasang tukang kamekaran budaya Sunda, hususna kasenian karinding; jeung
- 3) Ngadeudeul atawa ngalengkepan pedaran hasil ulikan jeung panalungtikan ngeunaan kasenian Sunda anu geus aya saméméhna, utamana patali jeung kasenian karinding.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Keur kapentingan praktis, ieu panalungtikan dipiharep bisa:

- 1) Digunakeun pikeun bahan pangajaran basa Sunda nu patali jeung kamekaran budaya, utamana kamekaran kasenian Sunda;
- 2) Digunakeun pikeun bahan pangajaran seni budaya nu patalina jeung kaparigelan ngagunakeun alat kasenian (waditra); jeung
- 3) Dijadikeun dokumentasi budaya nu bakal ngadeudeulan data/*informasi* pikeun panalungtikan-panalungtikan nu sarua, dina mangsa nu bakal datang.

1.5 Wangenan Istilah

Pikeun gambaran, istilah anu aya patalina jeung ieu panalungtikan bakal diébréhkeun dina pedaran ieu di handap.

1.5.1 Karinding

Karinding téh salah sahiji ngaran waditra (alat tatabeuhan) urang Sunda anu geus buhun pisan. Seni karinding, nya éta kasenian anu ngagunakeun karinding minangka waditra utamana.

Karinding kaasup alat *musik* jenis *perkusi* (tatabeuhan) nu disebut *mouthharf* (B. Ind.: harpa mulut). “*Karinding adalah waditra termasuk jenis alat pukul, dibunyikan dengan cara dipukul mempergunakan telunjuk atau jari tengah dan mulut sebagai wadah gemanya/résonatornya*” (Kubarsyah, 1994:50).

Di tatar Sunda (wewengkon Jawa Barat) dumasar bahanna mah karinding téh aya dua rupa, 1) nu dijieun tina palapah kawung (sebut: karinding kawung) jeung 2) nu dijieun tina tangkal awi (sebut: karinding awi).

1.5.2 Kawung

Kawung nya éta salahsahiji jenis tutuwuhan kelompok *palem* (Latin: *palmaceae*). Dina basa Indonésia, kawung disebut *aren*, *enau*, atawa *nira* (Latin: *arenga pinata*)

Dina waktu ieu, ku masarakat awam, kawung téh ngan dipiwano minangka tangkal nu ngahasilkeun lahang pikeun bahan gula beureum (gula kawung) atawa tangkal nu ngahasilkeun cangkaléng. Ku lantaran kitu, dina istilah asingna sok disebut *sugar palm tree* (tangkal gula).

1.5.3 Kajian Hérméneutik

Sacara jembar nu dimaksud *Hérméneutik* téh nya éta hiji widang élmu *tafsir* atawa *interprétasi*, hususna kana hiji téks, bahasa atawa hasil budaya sacara umum. Éta istilah asalna tina basa Yunani kuno *hérméneúénin* (napsirkeun). Aya patalina jeung tokoh métodologi kuno Yunani “Hérmes” nu pancénna narjamahkeun *bahasa-bahasa Tuhan* ti gunung Olympus kana basa manusa nu dipikaharti ku bangsa Yunani harita. Ka dieunakeun, hérméneutik jadi dianggap sarua jeung métode *penafsiran/interprétasi*, nya éta prosés ngarobah hiji hal atawa situasi tina teu dipikaharti jadi pikahartieun.

Hérméneutika mangrupa élmu ngeunaan aturan-aturan mikawanoh ma'na (*die Bedeutung*) tanda-tanda, tujuanana pikeun nangkep pikiran-pikiran hiji jalma anu dituliskeun atawa anu dilisankeun sakumaha kahayang manéhna. August Wolf (1759-1824) ngararancang hérméneutika nu praktis, faktual, sarta (sipatna) régional, nya éta dina unggal objék (sajarah, hukum, téologi, karya sastra, jsté.) mibanda aturan séwang-séwang (mandiri). Tugas hérméneutika dirumuskeun dina tilu wngun pamahan nya éta: pamahaman matéri karya, pamahaman basa, jeung pamahaman roh karya (Poespoprodjo, 2004:21-22).

1.5.4 Waditra

Waditra téh istilah karawitan (seni musik daerah) nu ditujukeun kana sakumna alat seni sora (musik) nu dipaké dina hiji kasenian daerah.

“Waditra adalah sebutan untuk alat bunyi yang lazim dipergunakan sebagai alat musik tradisional. Waditra biasa juga disebut alat tatabeuhan (tetabuhan) atau instrumen” (Kubarsyah,1994:1).

Nurutkeun *Kamus Umum Basa Sunda (KUBS)*, “Waditra: tatabeuhan, alat seni swara” (LBSS, 2007:514). Hal ieu ngandung harti yén sakumna alat nu ngahasilkeun sora dina kasenian Sunda disebutna téh *waditra*. Upamana, kasenian réog ngagunakeun waditra *dog-dog*, kasenian Cianjur an ngagunakeun waditra *kacapi* jeung *suling*, kasenian Wayang Golék ngagunakeun waditra *gamelan* (*saron*, *bonang*, *kempul*, *goong*, *jns.*), kasenian Penca ngagunakeun waditra *kendang*, *tarompét*, jeung *kempul*.

1.5.5 Seni

Nepi ka waktu ieu kecap *seni* dianggap sarua hartina jeung kecap *ars* tina basa Yunani atawa *art* tina bahasa Inggris nu hartina *kamahéran*, *kaparigelan* atawa *kaahlian* (*Art is skill in making or doing*).

Wangenan atawa watesan ngeunaan seni geus aya ratusna, sarta taya hiji ogé watesan nu ditarima (ragem) ku sakumna pihak (watesan nu *universal*). Watesan ngeunaan sato nu disebut *sapi* ogé bisa bédá-bédá, komo ieu seni atawa kabudayaan nu mangrupa pamahaman *nilai* (ajén). Filsuf Nietzsche nétélakeun, “ngan anu teu mibanda kasang tukang sajarah nu bisa dibéré watesan”. Sedengkeun seni jeung kabudayaan mibanda kasang tukang sajarah jeung kamekaran. Ku lantaran kitu bakal hésé diwatesanan. Saha waé nu méré watesan ngeunaan seni salawasna bakal tinggaleun, lantaran sabada éta watesan dijieu seni geus kaburu robah (Soemardjo, 2000:49).

1.5.6 Tradisional

Tradisional hartina mibanda sipat tradisi. Nurutkeun *Kamus Umum Basa Sunda* kecap *tradisi* asalna tina basa Walanda nu hartina “kabiasaan anu turun tumurun ti karuhun, saperti nyawér, buka pintu, jsté.” (KUBS, 1995:537). Tradisi ogé bisa dihartikeun adat-istiadat anu dianut ku hiji daerah /wewengkon/étnis. Ku lantaran kitu kecap *tradisional* bisa dima’naan “mibanda sipat kadaérahan”.

Dina istilah kasenian, *tradisi* téh sok dihartikeun buhun, atawa heubeul (seni tradisi = seni buhun atawa seni anu heubeul), lalawanan tina *kréasi* nu hartina anyar, atawa wanda anyar.

1.6 Sistematika Laporan Panalungtikan

Hasil tina panalungtikan karinding kawung di Kacamatan Cinéam, Kabupaten Tasikmalaya, disusun mangrupa karya tulis anu dijudulan “KARINDING KAWUNG (KAJIAN HÉRMÉNEUTIK KANA SENI TRADISIONAL DI CINÉAM)”. Luyu jeung *Pedoman Penulisan Karya Ilmiah* (Unipersitas Pendidikan Indonésia, 2011:50) ngeunaan sistematika skripsi, tesis, jeung disertasi, eusi laporan panalungtikan ngawengku lima bab, kalayan sistematikana saperti ieu di handap.

BAB I BUBUKA

Ieu bab ngadadarkeun kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah panalungtikan, tujuan panalungtikan, wangenan istilah (definisi operasional) nu dipaké dina panalungtikan, jeung sistematika laporan panalungtikan.

BAB II KAJIAN PUSTAKA

Ieu bab medar sajumlahing konsép dasar anu dijadikeun tatapakan ku panalungtik enggoning nyawang masalah anu baris ditalungtik. Éta konsép-konsép dasar téh sumberna tina buku atawa bahan bacaan séjén anu dijieu rujukan konséptual jeung tioritis.

BAB III MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab didadarkeun desain panalungtikan, pamarekan nu digunakeun, definisi konséptual jeung operasional variabel panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, sarta prosedur panalungtikan.

BAB IV HASIL PANALUNGTIKAN

Ieu bab ngadéksripsikeun hasil panalungtikan nu dipatalikeun jeung dasar tioritis nu geus dibahas dina Bab II. Patalina jeung ieu panalungtikan, dina ieu bab dipedar rupaning hal nu kapanggih tina prosés panalungtikan karinding kawung di lapangan, diadumaniskeun jeung rupaning téori katut anggapan dasar nu dibahas dina bab-bab saméméhna.

BAB V KACINDEKAN JEUNG SARAN

Dina ieu bab dipedar kacindekan tina hasil panalungtikan sarta sawatara saran anu aya patalina jeung hasil panalungtikan.

